

# KONNEN DWA OU: Kisa pou mwen fè ak ICE nan kominote mwen

---

## KISA ICE YE?

- ICE = Immigration and Customs Enforcement (Mizanplas Lwa Imigrasyon ak Dwàn). ICE se yon ajans federal ki arete moun yo sispèk vyole lwa imigrasyon yo.
  - Ajan ICE yo ka gen inifòm oswa rad sivil sou yo.
  - Souvan ajan ICE yo fè tankou yo se polis lokal epi yo poze ou kesyon sou ankèt k ap fèt.
- 

## ÈSKE MWEN GEN PWOTEKSYON KONT ARESTASYON ICE?

Moun ki pa sitwayen (sètadi, moun ki pa sitwayen ameriken) epi ki gen aplikasyon annatant pou sitiwayon yo vin regilye ak imigrasyon pa gen pwoteksyon kont aksyon mizanplas imigrasyon otomatikman.

---

## KI MOUN YO KA DEPÒTE OZETAZINI?

Ofisye imigrasyon yo ka kòmanse demach pou retire nenpòt moun yo kwè yo gen yon "rezon valab pou kwè" moun nan Ozetazini yon fason ki vyole lwa imigrasyon. Men yon lis moun ki pa sitwayen ki gen priyorite pou mete lalwa an plas pou yo, epi ki gen risk pou yo arete yo, mete yo nan prizon, oswa depòte yo:

- Moun ki pa sitwayen ki gen yon kondanasyon kriminel;
- Moun ki pa sitwayen ki se defandè nan dosye kriminel ki aktif;
- Moun ki pa sitwayen yo akize pou yon zak kriminel;
- Moun ki pa sitwayen ki te patisipe nan fwod oswa te bay nenpòt ajans gouvènman manti;
- Moun ki pa sitwayen ki abize nenpòt pwogram ki ofri avantaj piblik;
- Moun ki pa sitwayen yo te pase lòd pou kite Etazini men ki rete;
- Moun ki pa sitwayen yo te pase lòd pou kite Etazini, ki te kite Etazini, epi retounen Etazini yon fason ilegal;
- Moun ki pa sitwayen ki se "yon risk pou sekirite piblik oswa sekirite nasyonal".

# KONSÈY RAPID

- ✓ Kreye yon plan ka ka yo ta arete ou, mete ou nan prizon, oswa depòte ou
- ✓ Bagay yo ka pi mal pou ou si ou kite senk (5) minispalite New York yo paske ajan imigrasyon yo pi aktif nan zòn deyò vil la;
- ✓ Mete "kat ble" ou ajou nan lekòl pitit ou ak enfòmasyon resan konsènan moun pou kontakte si gen yon ijans.
- ✓ Pote kopi avi pou resi ak otorizasyon pou aplikasyon imigrasyon ou te resevwa resaman oswa avan;
- ✓ Gen yon kokennchenn magouy nan zafè imigrasyon. Piga ou tonbe viktim fo avoka ak notè (notarios) imigrasyon ki nan magouy.
- ✓ Pa bay manti sou yon aplikasyon imigrasyon (anvan ou siyen nenpòt dokiman ofisyèl asire ou konprann tout sa ki ladan);
- ✓ Pa bay manti lè w ap pale avèk yon ajan mizanplas lalwa, tankou ICE;
- ✓ Pa bay manti lè w ap aplike pou asistans piblik.

## Si ou lakay ou, epi yon ajan ICE parèt devan pòt ou:

- Pa janm kouri louvri pòt ou lè ajan yo parèt lakay ou.
- Mande moun ki devan pòt la pou idantifye tèt li.
- Mande si yo gen yon manda epi si yo genyen youn, pou yo pase li anba pòt la. Se sèlman si yo gen yon lòd yon jij te siyen y ap ka antre san pèmasyon ou.
- Si yo pa gen yon manda, ou ta dwe mande yo jantiman pou yo al fè wout yo.
- Si ou gen yon avoka, rele li san pèdi tan.
- Pa janm bay manti.

## Si ou deyò kay ou, epi yon ajan ICE rete ou:

- Rete an silans. Mande yon avoka.
- Pa siyen okenn dokiman.
- Mande li, "Èske mwen lib pou ale?" anvan ou reponn nenpòt kesyon.
- Si yo di "wi," di "Mwen pa vle reponn okenn kesyon," epi mache al fè wout ou.
- Si yo di "non," itilize dwa ou pou rete an silans epi di, "Mwen vle itilize dwa mwen pou pa reponn okenn kesyon. Mwen vle pale ak yon avoka."
- Si ajan ICE yo kòmanse fouye pòch ou oswa afè ou, di, "Mwen pa bay konsantman pou fè yon rechèch."
- Pa bay non ou oswa okenn lòt bagay.
- Pa janm bay manti.



Domestic  
Violence  
Project

Urban Justice Center  
Domestic Violence Project  
Telefòn: 1-833-321-4DVP

Last updated: February 5, 2025